

Ivyo ASeTTS  
ikorerera abantu



**Woba warigeze, canke umuntu uzi yaba yarigeze:**

- Kubaho ubudahengesha mubwoba n'ugutotezwa.
- Kwirabira abagize umuryango bagirirwa nabi, bafatwa kunguvu canke bicwa.
- Guhunga aho wamye mubwoba kugira batakwica, akenshi ugasiga abiwawe canke abiwanyu.
- Kwihanganira ubukene n'ibifungurwa bikenya munkambi imyaka minshi.
- Gutura mugihugu gishasha udafise inshuti, umuryango kandi urwana n'ururimi rushasha n'imicho mishasha.

Nimba ar'uko, **ASeTTS** ishobora kugufasha. **ASeTTS** itanga infashanyo kumpunzi zahuye n'ugutotezwa canke uguhababuka, itaraba ibara ry'urukoba, idini canke politiki umuntu yemera.

Kugira ngo urungike umuntu, uwirungike ukwawe canke kugira urondere gutahura ivyo **ASeTTS** ikorerera abantu, uhamagare izi nomero: 9227 2700, kandi ubaze umukuru uri kukazi, aba ariho kuva isaha zitatu zamugatondo kushika isaha icumi n'igice z'okumataga, kuva kumunsi wa mbere gushika kumunsi wa gatano.



Parking aho bishura amahera iri kuri Stirling Street naho baparika imiduga kuri Brisbane Street.

Amabasi 21, 60,66,67,68,69 na 401 araja kuri **ASeTTS** avuye kuri basi stop yo kuri Museum kuri Beaufort Street.

**286 Beaufort Street, Perth,**

**Western Australia 6000**

**Ph: 08 9227 2700**


**Fax: 08 9227 2777**

**Web: [www.asetts.org.au](http://www.asetts.org.au)**

**Email [reception@asetts.org.au](mailto:reception@asetts.org.au)**

**ABN 83 460 231 835**

UGUFASHA ABAROKOTSE UGUTOTEZWA N'UGUHABABUKA KUVA KUGUTOTEZWA



**ASeTTS**  
Assisting Torture  
and Trauma Survivors

# **ASeTTS - ISHIRAHAMWE RYITAKO ABAROKOTSE UGUTOTEZWA N'UGUHABABUKA KUVA KUGUTOTEZWA (ASSOCIATION FOR SERVICES TO TORTURE AND TRAUMA SURVIVORS)**

ASeTTS y'itako abantu bemerewe kwinjira mugihugu kubera ikigongwe canke aba bay'impunzi kandi bahuye n'ugutotezwa canke uguhababuka kuva kugutotezwa umugihugu bava mwo, igihe bahungira muri Australia, canke igihe bari bafunzwe.

## **UGUHANURA KWIGIHE KIGUFI KUBANTU BAHUYE N'UGUTOTEZWA N'UGUHABABUKA (IHSS)**

Ico gikorwa kigizwe n'ukurungika abantu ahobaronka infashanyo, ugusuzuma, ugufasha n'uguhanura kw'igihe gitonya ku impunzi zigishika zaje zifashijwe na Northern Metropolitan Region Integrated Humanitarian Settlement Services (IHSS). Iyi programa yitako cane cane ibikorwa byokosora ingorane ziva kugutotezwa n'uku guhababuka.

## **IBIKORWA VY'UGUHANURA BISHIRAMWO N'UKWITAKO CANE UKUBANA**

Ibikorwa by'uguhanura byashizweho kubakuru, kubana, ukubukanye n'uku miryango. Uguhanura gushobora kuba kwigihe gitonya canke kire kire, bitewe n'ingore ituma impunuro ikenerwa. Ibindi bikorwa n'uguserukira abantu, ukubarungika kuyandi mashirahamwe afasha n'ibindi bikorwa n'ukubarungika kuri muganga uraba indwara z'umumutwe uzoja aza gukorera rimwe na rimwe kuri ASeTTS.

## **PROGRAMA YOGUFASHA BURI MUNTU UBWIWE (PERSONAL SUPPORT PROGRAM (PSP))**

PSP yashizweho gugira ifashe impunzi / abantu baja kuraba ASeTTS bahura n'ingorane zitabwira n'ukubura umwuga zibabuzza gushobora kurondera akazi, ugutangura kwiga canke kugira akamaro muri kominote. Abantu baja kuraba ASeTTS babarungiswe na Centrelink hanyuma bakaronka infashanyo harimwo ukubitako, ukubaserukira, ukubarungika ukuyandi mashirahamwe ashobora kubafasha n'ukubakorera utuntu n'utundi.

## **UKUBANDANYA GUGIRA INGUU (STRENGTH TO STRENGTH)**

Strength to Strength ni programa yashizweho na ASeTTS na Relationship Australia WA. Imugambi wayo n'ugufasha imiryango y'impuzi kugirango igire imibano igumye n'ugutuma ubuzima bwa buri muntu, buri miryango na buri kominote bumera neza. Strength to Strength itanga impanuro, amakuru, ibikorwa byoteza kominote imbere, ukurungika abantu aho baronka infashanyo n'ukuserukira imiryango, abana, abubakanye n'abantu b'imyaka iyariyo yose.

## **IBIKORWA VYUKWITAHOKO ABASORE BAGISHIKA MUGIHUGO (NEWLY ARRIVED YOUTH SUPPORT SERVICES "NAYSS")**

Ikoresha iyi programa, ASeTTS ironka amahera kugira ngo ifashe abasore batarenze imyaka itano bashitse muri Australia. Abobasore bagomba kuba bafise imyaka 12 gushika kuri 21 kandi badafise inzu babamwo canke bari muri hatari y'ukubura inzu yukubamwo. Ibyobikorwa bifasha abasore kurwanya ingorane zibavako canke ziva aho batuye n'ukwongera infashanyo bozana kuteza ubutunzi

bwa Australia imbere. NAYSS intanga impanuro, amakuru, ibikorwa byugutezimbere n'ukurungika abantu aho bakeneye gukorera ibintu mu miji iba mukarere karuguru.

## **UGUTANGA AMAKURU, IBIKORWA VYO KURUNGIKA ABANTU AHO BARONKA INFASHANYO, KWITAKO BURI MUNTU (CASEWORK) N'IBIKORWA VY'UGUFASHA ABAKENYENZI**

ASeTTS irangura ibikorwa vyugufasha abakenyezi baje gutura burundu muri Australia nabajejeje imyaka itano bashitse baje nk'impunzi canke nk'abamerewe kwinjira mugihugu kubera ikigongwe. Iyi programa iramenyeshya, irarungika abantu aho boshora kuronka infashanyo kandi irangura amabanga y'ukuvugira abantu kubirabana n'ingorane zumurugo n'ingorane ziva ku gatumba gashasha baje kubamwo.

Irafasha abantu barondera infashanyo kugira bamenye imyuga bakanagira imibano iza bafasha kugira ubumenyi n'ukwizigira kugira bashike kubikorwa bogirirwa n'ukwongera akamaro bogirira kominote ya Australia yose.

## **PROGRAMA Y'IMIRWANGO IRI MUNZIRA Y'UGUHINDURA IMINGEZO (FAMILIES IN CULTURAL TRANSITION PROGRAMME "FICT")**

Programu yitwa FICT igizwe n'inyigisho z'ukwigisha impuzi ziba muri Western Australia. Umugambi wayo n'ukworosha inzira ndende y'ugusobanukirwa n'ukumenyera imingezo mishasha y'agatumba gashasha. Abantu bafasha kwigisha imingezo bazokwigishwa kuyobora iyo programa m'uturundo dutonya twabantu mu makominote yabo.

## **INKURU NZIZA KU BAGISHIKA**

Ugukoresha ubuhinga bw'uguteza imbere kominote uku bantu baturuka mumigenzo n'umundimi zitandukanye kuzofasha iyi programa guteza imbere inyigisho nyishi z'irabana n'ingene y'ukurya ikwiriye mugabo ikurikije imigenzo yakera.

## **PROGRAMA Y'UKWITAKO ABANTU BASHAJE, ASETTS IFATANIJE N'AYANDI MASHIRAHAMWE MURI KOMINOTE**

ASeTTS, ifatanije na Multicultural Aged Care Services WA, izokwigisha inatange amakuru ku bakazi nuku miryango yo muri Western Australia ifise abantu bashaje bahababutse. Umugambi w'iyi programa n'ukugabanya imipaka ababantu bahura nayo igihe bakeneye gwitabwako.

## **IJAMBO RYABITABWAKO NA ASeTTS (CONSUMER PARTICIPATION)**

Ijambo ryabitabwako na ASeTTS rizumvikana biciye kuri United Voices, akarundo k'abantu bafashwa na ASeTTS. United Voices ihura rimwe mukwezi kugirango itange iviyumviro vyayo ingene ASeTTS irangura abanga yayo, n'ugutanga impanuro irabana n'ibikorwa bizokurikira umu minsi iri mbere. Abagize United Voices bara hambwa amahera y'ukwicheza kandi umutware wa United Voices n'umwe wabatware ba ASeTTS bafise uburenganzira bw'ugutora mubatware bakurubakuru ba ASeTTS.

## **AHO BAGIRIRA IBIKORWA (INTEGRATED SERVICES CENTRES)**

Ibigo vy'ibikora bizoba kumashuri atangura ya Koondoola na Parkwood. Iryo bigo bizotanga impanura, amakuru, n'uguserukira abantu n'ugutanga ubuvuzi bwa mbere. Iryo bikorwa bizohabwa abana, n'imirwango yabo iza kwiga icongereza kuri ayo mashuri.

## **UTURUNDO**

ASeTTS ifise uturundo tutatu turondera kurwanya ukwigunga n'ukwongera akamaro abantu bogirira igihugu cose. Akarundo k'abaturuka muri Yugoslavia, Akarundo k'abagabo baturuka mu migenzo minshi itandukanye na ak'abagore baturuka mu migenzo minshi itandukanye. Utururundo twose turakorana birindwi mumwaka hafi ya wose. Ibikorwa bitandukanye, ugusohoka n'inyigisho zitohoza ivyuntu vyinshi viraba buri karundo ziratangwa. Uturundo twakira abantu bemerewe kwinjira mugihugu kubera ikigongwe.

## **PROGRAMA Y'UGUTOZA INDERO KOMINOTE NA PROGRAMA Y'UGUFASHA ABASORE (COMMUNITY COACHING PROGRAM AND CONNECT 2 YOUTH PROGRAM)**

Program y'ugutoza indero kominote yigisha abakozi badahembwa kugirango bafashe imiryango y'impuzi irondera gutangura ubuzima bushasha muri Australia. Abobakozi badahembwa baronka ubuyobozi n'ubufasha igihe bari muri iyo programa. Umugambi wa Connect 2 Youth Programa n'ukugabanya ubwoba mumuntu n'uguha abasore bemewe mugihugu kubera ikigongwe inyigisho n'ubumenyi buzofasha mubuzima bwabo bwose. Iyi programa igira ibikorwa vyinshi n'imigambi myinshi itez'imbere ubushobozi kandi igaha abasore utundi n'utundi barondera gutahura, n'ugusohora iviyumviro vyumutima birabana n'uguhababuka n'ingorane ziva kuguturira mu migenzo mishasha.

## **UBUSHAKASHATSI N'INGENE ASeTTS YIGISHA**

ASeTTS itanga inyigisho zituma abakorana n'impuzi bagira ubuhinga n'ukwitwara neza mu kazi. Inyigisho nyinshi zituma abazirone bagira ubumenyi, ubuhinga n'ukuba inararibonye umugukorana n'abasore, imiryango n'abantu bava mumakominote yarokotse ugutotezwa n'uguhababuka. Nimba urondera kumenya inyigisho zitandukanye dutanga, raba kuri website ya ASeTTS: [www.asetts.org.au/training](http://www.asetts.org.au/training).

ASeTTS irubaha ubushakashatsi buhambaye kandi bukurikira amategego. Iryo bituma ubumenyi bwachu bugira umusingi ukomeye, bikanatuma turangura abanga yacu neza cane n'uguha ubumenyi abashanga amategego mugihugu n'ugaha abantu icyo boyagirako. Nimba ukeneye kumenya ingene ASeTTS ikora ubushakashatsi n'amategego ikurikira, raba kuri website ya ASeTTS.

## **Nimba urondera kumenya ayandi makuru**

**Phone: 08 92272700**

**Fax: 08 92272777**

**ABN: 83 460 231 835**

**[www.asetts.org.au](http://www.asetts.org.au)**

**ASeTTS izoshimira infashanyo woyiha n'ukuba umwewayo. Tax izishurwa kunfashanyo ya madolar 2 canke irenga.**